

FÒM ENSKRIPSYON POU DEPO DIRÈK (HAITI)

MEN KI JAN POU CHAK MWA OU TOUCHE KÒB SOCIAL SECURITY (SEKIRITE SOSYAL) OU AK DEPO DIRÈK AN AYITI.

- Ranpli Seksyon 1 ak "siyen non ou."
- Mande labank ou a ranpli Seksyon 3.
- Voye ranpli fòm do lè l sèvi avèk adrès nan Seksyon 2

SEKSYON 1 (pou te konplete benefisyè)

Non ak adrès postal Ranpli: (Adrès bwat postal pa otorize)	Nimewo Reklamasyon Social Security (Sekirite Sosyal)	B.I.C (Si w vle)
	Non moun gen dwa a avantai yo	

Nimewo telefòn:	Bwat sa se pou Pati POU PEYE a sèlman (si sa aplikab)	
	TIP	KANTITE LAJAN

Sètifikasyon Benifisyè Peman an Mwen (benefisyè peman oswa reprezantan) sètifye mwen te li ak konprann sa ki nan do fòm sa a. Lè mwen siyen fòm sa a, mwen otorize Social Security Administration (Administrasyon Sekirite Sosyal la) voye peman sa a nan ensititasyon finansyè ki endike nan Seksyon 3 a epi depoze li sou kont ki deziyen an. Mwen konprann enfòmasyon pèsonèl ki nan peman sa a yo konfidansyèl, men mwen dakò pou pataje enfòmasyon sa yo jan lalwa egzije sa oswa jan sa nesesè pou pwoteje kont fwod oswa krim.	Sètifikasyon moun ki gen kont konjwen Mwen sètifye mwen li e mwen konprann sa ki nan do fòm sa a, ansanm ak AVI ESPESYAL POU MOUN KI GEN KONT KONJWEN.
---	--

SIYATI	DAT	SIYATI MOUN KI GEN KONT KONJWEN AN	DAT
--------	-----	------------------------------------	-----

Èske ou se Reprezantan Benifisyè a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	KONT SA A SE
Ημερομηνία γέννησης δικαιούχου	<input type="checkbox"/> KONT MWEN <input type="checkbox"/> KONT KONJWEN

SEKSYON 2 (adrès postal)

GOUVERNMAN NON AJANS : SOCIAL SECURITY ADMINISTRATION (ADMINISTRASYON SEKIRITE SOSYAL)	VOYE FÒM RANPLI A PA LAPÒS POU : Federal Benefits Unit U.S. Embassy Av. Republica de Colombia # 57 Santo Domingo Dominican Republic
--	---

SEKSYON 3 (pou enstitisyon finansyè w la ranpli) KONT SA A DWE AN DOLA AMERIKEN (USD)

NON BANK LA	NIMEWO TELEFON BANK LA
-------------	------------------------

ADRÈS BANK LA

NON FONKSYONÈ BANK LAN	SIYATI FONKSYONÈ BANK LAN
------------------------	---------------------------

TIP Kont Depo <input type="checkbox"/> Chèk <input type="checkbox"/> Epay
--

BANK KÒD

BRANCH KÒD

NIMEWO KONT OU AN DOLA AMERIKEN

ENFÒMASYON ENPÒTAN - (PRAN SAN NOU POU NOU LI LI BYEN)

Enfòmasyon ou bay sou fòm sa a konfidansyèl. Nou bezwen enfòmasyon yo pou voye peman U.S. Social Security (Sekirite Sosyal Ameriken w lan) elektwonikman sou kont an bank ayisyen w lan.

LÈ W AP RESEVWA PEMAN DEPO DIRÈK OU YO

W ap resevwa peman w lan atravè sistèm bankè ayisyen an epi jeneralman peman an ap disponib sou kont an bank ou yon ti tan apre dat peman regilye a. Avèk depo dirèk la, w ap gen aksè a lajan w imedyatman. Sa se fason ki pi an sekirite pou w resevwa avantaj ou yo.

ENFÒMASYON SOU KONVÈSYON DEVIZ:

Avèk depo dirèk la, peman U.S. Social Security (Sekirite Sosyal Ameriken w lan) konvèti otomatikman an Dola ameriken (si sa aplikab) nan to echanj entènasyonal pou jou a anvan yo fè depo a sou kont ou.

****AVI ESPESYAL POU MOUN KI GEN KONT KONJWEN****

Si ou gen yon kont konjwen avèk yon moun ki resevwa peman Social Security (Sekirite Sosyal), epi moun sa a mouri, ou dwe kontakte bank ou an imedyatman ak Social Security Administration (Administrasyon Sekirite Sosyal la) oswa Federal Benefits Unit (Inite Avantaj Federal la) nan zòn ou an. Ou dwe retounen bay Social Security (Sekirite Sosyal) tout peman ki te depoze sou kont konjwen an apre lanmò yon benefisyè.

SI ADRÈS OU CHANJE:

Si adrès ou chanje, ou dwe enfòmè Federal Benefits Unit (Inite Avantaj Federal la) oswa Social Security Administration (Administrasyon Sekirite Sosyal la). Peman w lan ka kanpe si Social Security Administration (Administrasyon Sekirite Sosyal la) bezwen kontakte w epi li pa ka jwenn kote ou ye.

SI W CHANJE BANK OSNON NIMEWO KONTANBANK OU

Si w chanje bank owas nimewo kont ou, ou dwe voye nouvo enfòmasyon yo nan youn nan adres sa yo.

Federal Benefits Unit
U.S. Embassy
Av. Republica de
Colombia # 57
Santo Domingo
Dominican Republic

Social Security Administration
Office of Earnings and International Operations
Division Of International Operations
PO Box 17769
Baltimore, MD
21235-7769
USA

Lè sa-a biwo-a kapab mande w plen yon lòt fòm enskripsyon.

Li enpòtan anpil pou ou pa fèmen ansyen kont ou an anvan lajan-an kòmanse rive nan nouvo kont ou a.

Privacy Act Statement (Deklarasyon sou Pwoteksyon Lavi Prive) Koleksyon ak Itilizasyon Enfòmasyon Pèsonèl

Atik 205(a) Social Security Act (Lwa sou Sekirite Sosyal la), jan li modifiye a, pèmèt nou kolekte enfòmasyon sa yo. Founi nou enfòmasyon se yon bagay volontè. Sepandan, si ou pa bay tout detay enfòmasyon sa a, sa ka anpeche w resevwa peman avantaj yo atravè enstitisyon finansyè etranje yo.

Nou pral itilize enfòmasyon ou bay yo pou trete peman avantaj ou yo avèk enstitisyon finansyè w la. Nou kapab tou pataje enfòmasyon ou yo pou rezon sa yo, ki rele itilizasyon woutin:

- Avèk Department of State (Depatman Deta) ak ajans li yo pou aplike Lwa a nan peyi etranje atravè etablisman ak sèvis ajans sa a, epi
- Pou kontak yon tyès pati lè sa nesèsè pou etabli oswa verifye enfòmasyon reprezantan benefisyè yo oswa moun ki aplike pou vin benefisyè yo bay.

An plis, ou ka pataje enfòmasyon an konfòmite avèk Privacy Act (Lwa sou Lavi Prive a) ak lwa federal. Pa egzanp, lè sa otorize, nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sa yo nan pwogram korespondans pa òdinatè, kote dosye nou yo konpare ak lòt dosye pou etabli oswa verifye elijiblite yon moun pou pwogram avantaj federal yo ak pou repeman dèt ki enkòrèk oswa dèt ki poko peye nan kad pwogram sa yo.

Gen yon lis itilizasyon woutin adisyonèl ki disponib nan Privacy Act System of Records Notices (Sistèm Lwa sou Lavi Prive pou Avi sou Dosye) nou an (SORN, akwonim an anglè) 60-0089, ki gen pou tit Claims Folders Systems (Sistèm Dosye Reklamasyon yo), jan li pibliye nan Federal Register (Rejis Federal la) (FR, akwonim an anglè) nan dat 1ye avril 2003 nan 68 FR 15784, ak 60-0090, ki gen pou tit Master Beneficiary Record (Dosye Benefisyè Prensipal), jan li pibliye nan dat FR 11 janvye 2006 nan 71 FR 1826. Enfòmasyon adisyonèl ak lis konplè tout SORNs nou yo disponib sou sitwèb nou an nan <https://www.ssa.gov/privacy> (disponib sèlman an anglè).

Paperwork Reduction Act Statement (Deklarasyon Lwa sou Rediksyon Fòm/Papye yo)

Koleksyon enfòmasyon sa a satisfè egzijans 44 U.S.C. § 3507, jan li modifiye pa atik 2 Paperwork Reduction Act (Lwa 1995 sou Rediksyon Fòm/Papye yo). Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo si nou pa afiche yon nimewo kontwòl valid Office of Management and Budget (Biwo Jesyon ak Bidjè). Nou estime l ap pran apeprè 5 minit pou w li enstriksyon yo, rasanble fè yo, epi reponn kesyon yo. VOYE OSWA POTE FÒM NAN TOU RANPLI BAY BIWO SOCIAL SECURITY (SEKIRITE SOSYAL LOKAL OU A). Ou ka jwenn biwo Social Security (Sekirite Sosyal Lokal) ou a sou sitwèb SSA a nan www.socialsecurity.gov (disponib sèlman an anglè). Biwo yo sou lis tou atravè ajans Gouvènman Ameriken yo nan anyè telefòn ou an oswa ou ka rele Social Security (Sekirite Sosyal) nan 1-800-772-1213 (TTY 1-800-325-0778). Ou ka voye kòmantè sou estimasyon tan nou ki pi wo a nan: SSA, 6401 Security Blvd, Baltimore, MD 21235-6401. Voyè sèlman kòmantè ki gen rapò ak estimasyon tan nou an, non pa fòm ki ranpli a.